

BILTEN ENFÒMASYON PWOPRIYETÈ HCV YO

Edisyon Jiyè 2024

Vòl. 1, nimewo 1

ENTWODIKSYON NAN BILTEN ENFÒMASYON AN

Byenvini nan Bilten Enfòmasyon Pwopriyetè HCV yo! Bilten enfòmasyon sa a pral bay pwopriyetè yo zouti pou kenbe konfòmite ak egzijans kalite lojman yo dapre règleman Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini (HUD). Yo pibliye bilten sa a lè gen mizajou pi ijan ki nesèsè. Bilten sa a pa yon resous konplè epi yo pa ta dwe itilize li poukont li kòm yon gid pou konfòmite ak pwogram koupon pou chwa lojman an.

Edisyon Bilten Enfòmasyon Pwopriyetè HCV sa a bay yon apèsi sou nòm NSPIRE yo, endike resous pou plis enfòmasyon epi dekri espesifikman egzijans pou detektè lafimen. Ou ka voye kesyon konsènan bilten sa a oswa egzijans HUD yo bay Administratè Lokal ou a.

APATI 29 DESANM 2024

BATRI KI SELE YO PRAL OBLIGATWA POU TOUT
DETEKTÈ LAFIMEN KI MACHE AK BATRI YO.

ENTWODIKSYON NAN NSPIRE

HUD te pibliye nouvo egzijans pou enspeksyon inite lojman Seksyon 8 yo, yo rele [Nòm Nasyonal pou Enspeksyon Fizik Byen Imobilye](#) (“NSPIRE”). Règ sa a ranplase Nòm Kalite Lojman (HQS) aktyèl yo pou Inite Lojman Seksyon 8 yo. **HCR Eta New York pral fè tranzisyon pou ale nan nòm NSPIRE yo nan dat 1ye janvyè 2025.**



HUD te pibliye règ final la pou NSPIRE nan dat 11 me 2023. Dapre règ final sa a, NSPIRE “etabli yon nouvo apwòch pou defini ak evalye kalite lojman yo.” [Avi PIH 2023-28](#). Objektif NSPIRE se asire rezidan lojman HUD yo, ki gen ladan lokatè Seksyon 8 yo, ap viv nan yon lojman ki an sekirite epi abitab. NSPIRE asire tou atik yo ak konpozan ki sitiye anndan estrikti yo, deyò estrikti yo, ak anndan inite lojman HUD yo “fonksyonèlman adekwat, itilizab, epi yo pa prezante danje pou sante ak sekirite.”

NSPIRE ofri avantaj ki annapre yo pou pwopriyetè yo:

- Amelyore konsistans nan enspeksyon yo
- Opòtinite pou kontribye nan devlopman nòm yo
- Aksè nan done enspeksyon yo
- Done fyab ak rapò prezantab pou jesyon dosye ak evalyasyon risk



Homes and
Community Renewal

NÒM AK DEFISYANS KI GENYEN NAN NSPIRE

Gen 63 nòm anba NSPIRE, chak ladan yo gen yon lis defisyans ki aplike anba nòm sa a. Defisyans sa yo ka aplike nan kèk oswa nan tout zòn yo ka enspekte yo. Yo klase defisyans yo dapre gravite yo; [kategori sa yo enkli “Fèb,” “Modere,” “Grav,” ak “Menas pou Lavi.”](#)

Kategori “Menas pou Lavi” (“LT”) a gen ladan defisyans ki, si yo vizib nan kay la oswa nan pwopriyete a, reprezante yon gwo risk lanmò pou yon rezidan. Yo dwe korije defisyans sa yo nan espas 24 èdtan apre dekouvèt yo.

Kategori “Grav” la gen ladan defisyans ki, si yo vizib nan kay la oswa nan pwopriyete a, prezante yon gwo risk pou yon rezidan andikape pou lavi, blese grav, oswa malad, oswa sekirite fizik li ak byennèt li konpwomèt seryezman oswa pou sekirite pwopriyete li a. Yo dwe korije defisyans sa yo nan espas 30 jou.

Defisyans “Modere” yo se sa yo ki, si yo vizib nan kay la oswa nan pwopriyete a, prezante yon risk modere pou yon evènman medikal negatif ki mande yon konsiltasyon medikal, pou lakòz domaj tanporè, oswa, si yo pa trete yo, pwovoke oswa agrave yon maladi kwonik ki ka gen efè negatif alontèm sou sante, oswa konpwomèt sekirite fizik oswa byennèt yon rezidan oswa sekirite pwopriyete li a. Yo dwe korije defisyans sa yo nan espas 30 jou.

Kategori “Fèb” la gen ladan defisyans ki kritik pou yon lojman ka abitab, men ki pa prezante yon gwo risk pou sante oswa sekirite rezidan an. Yo konsidere defisyans sa yo kòm yon “akseptab” epi yo pa gen yon delè pou koreksyon.

Si yo pa korije yon defisyans nan delè yo bay la, PHA a dwe fè respekte kontra HAP a, ki ka gen ladan kenbe oswa diminye peman asistans lan, revokasyon, oswa relokalizasyon.

PWEN FÒ NÒM NSPIRE YO: DETEKTÈ LAFIMEN

APATI 29 DESANM 2024, BATRI KI SELE YO PRAL OBLIGATWA POU DETEKTÈ LAFIMEN KI MACHE AK BATRI YO

Sekirite dife enpòtan anpil pou asire lokatè yo gen yon abitasyon ki an sekirite epi ki abitab. Dife ekstrèmman danjere e menase lavi, epi kòm rezilta, youn nan nòm ki pi enpòtan yo anba NSPIRE gen rapò ak detektè lafimen. Nòm [detektè lafimen](#) an gen ladan twa defisyans diferan, yo tout se Menas pou Lavi (“LT”) epi yo dwe korije yo nan espas **24 èdtan**.

Yon *detektè lafimen* se yon aparèy endepandan ki detekte prezans lafimen, anjeneral kòm yon endikatè dife, epi li emèt yon siyal vizyèl oswa oditif kòm yon alèt. Yo fè enspeksyon pou detektè lafimen yo alafwa anndan batiman yo ak anndan inite lojman yo.

- Detektè lafimen yo dwe enstale byen wo nan mi yo oswa plafon yo.
 - Si yo enstale yo nan plafon an, dwe gen yon distans ki plis pase 4 pous ant detektè lafimen an ak mi an.
 - Si yo enstale yo nan mi an, pa dwe gen yon distans ki mwens pase 4 pous oswa plis pase 12 pous ant kwen anwo detektè lafimen an ak plafon an.
- Detektè lafimen yo dwe enstale nan yon distans ki omwen 10 pye ak aparèy pou kuit manje.
- Detektè lafimen yo **pa** ta dwe:
 - Enstale tou pre fenèt, pòt oswa kanal kote kouran lè yo ka entèfere ak fonkysònman yo
 - Pentire, gen otokolan dekoratif oswa gen lòt dekorasyon
- Inite lojman an dwe genyen omwen yon detektè lafimen ki mache ak pil oswa ki konekte nan kouran ak fil, nan bon kondisyon travay, nan kote sa yo:
 - Nan chak nivo nan inite a;
 - Anndan chak chanm;
 - Ant 21 pye ak nenpòt pòt yon chanm, yo mezire sou yon chemen sikilasyon; epi
 - Lè yon detektè lafimen enstale deyò yon chanm epi yon pòt separe li ak yon salon adjasan, yo dwe enstale yon detektè lafimen tou nan salon ki anfas pòt la.
- Si yon detektè lafimen mache ak batri, li dwe itilize yon batri sele. Batri sele yo dire pandan tout lavi detektè a ki se 10 ane.

DEFISYANS DAPRE NÒM SOU DETEKTÈ LAFIMEN AN

Defisyans 1: Detektè Lafimen An Pa Enstale Kote Yo Mande A

Yo konsidere defisyans sa a kòm yon Menas pou Lavi epi yo dwe korije li espas 24 èdtan.

Defisyans sa a aplike alafwa pou zòn enspeksyon anndan yo ak nan inite lojman an lè:

- Detektè lafimen an pa enstale anndan chak chanm *epi*
- Detektè lafimen an pa enstale deyò chanm nan *epi*
- Detektè lafimen an pa enstale sou chak etaj.

Defisyans 2: Detektè Lafimen an Bloke

Yo kategorize defisyans sa a kòm yon Menas pou Lavi epi yo dwe korije li nan espas 24 èdtan. Defisyans sa a aplike pou zòn enspeksyon inite yo ak anndan yo lè detektè lafimen an kouvri ak yon objè etranje, ki gen ladan men se pa sa sèlman yon sachè plastik, bonè douch, zip, penti oswa tep.

Defisyans 3: Detektè Lafimen An Pa Pwodui yon Alam Sonò oswa Vizyèl Lè Yo Teste Li

Yo konsidere defisyans sa a kòm yon Menas pou Lavi epi yo dwe korije li nan lesplas 24 èdtan. Defisyans sa a aplike pou zòn enspeksyon anndan yo ak nan inite a lè detektè lafimen an pa pwodui yon alam sonò oswa vizyèl lè yo teste li. Sa a aplike tou lè alam lan pa sispann apre tès la.

RESOUS ADISYONÈL POU NSPIRE

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou nòm NSPIRE yo nan resous sa yo:

- [88 FR 30442](#): Lwa sou Alèjman Regilasyon pou Kwasans Ekonomik ak Pwoteksyon Konsomatè: Aplikasyon Nòm Nasyonal yo pou Enspeksyon Fizik Byen Imobilye yo (NSPIRE)
 - <https://www.federalregister.gov/documents/2023/05/11/2023-09693/economic-growth-regulatory-relief-and-consumer-protection-act-implementation-of-national-standards>
- [Nòm final yo](#)
 - https://www.hud.gov/sites/dfiles/PIH/documents/6092-N-05nspire_final_standards.pdf
- [Webinar "Prepare w" \(PDF\)](#)
 - <https://www.hud.gov/sites/dfiles/PIH/documents/Joint%20HCV%20NSPIRE%20Policy%20Webinar.pdf>
- [Ki jan pou w li yon Nòm NSPIRE \(vèsyon PDF\)](#)
 - https://www.hud.gov/sites/dfiles/PIH/documents/200730_NSPIRE_Standard_V1.3_Publication_Template_Guide.pdf
- [Lis Nòm yo](#)
 - https://www.hud.gov/program_offices/public_indian_housing/reac/nspire/standards
- [Paj Akèy NSPIRE](#)
 - https://www.hud.gov/program_offices/public_indian_housing/reac/nspire/standards
- [Avi Ofisyèl NSPIRE yo ak Règ yo Pwopoze yo](#)
 - https://www.hud.gov/program_offices/public_indian_housing/reac/nspire/notices
- [Webinar NSPIRE: Entwodiksyon nan Nòm NSPIRE yo](#)
 - https://youtu.be/vI-BGnV6O0Q?si=QMwCaw_KxGZn8Ddl
- [Avi PIH 2023-28](#)
 - <https://www.hud.gov/sites/dfiles/PIH/documents/PIH2023-28.pdf>

Pou plis enfòmasyon sou NSPIRE oswa pwogram Koupon pou Chwa Lojman an, tanpri kontakte [Administratè Lokal ou a](#).

Pou w jwenn aksè nan Pòtay Pwopriyete a, itilize lyen sa a:
<https://section8.hcr.ny.gov/Account/Login>



**Homes and
Community Renewal**

Ou ka jwenn Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la nan:
<http://hcr.ny.gov>